ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№6 (24.756) • 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къапэщыт къалэнхэр яубзыху

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр зыхэт «щIыналъэ сыхьэт» зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ къэрал программэхэм, лъэпкъ проектыщIэхэм хэту ягъэзэщIэну къалэн нэхъыщхьэхэм. «ЩIыналъэ унафэщIхэм мы илъэсым къыфпэщылъ къалэнхэр зэфIэхыным егугъуу зыхуэвгъэзэрахьауэ щытыпхъэщ. КъищынэмыщIауэ, илъэситIым къриубыдэу яухуэн хуейуэ къратъэжьа объектхэр и чэзум хьэзыр щIыныр ткIийуэ фи нэIэ щIэтын хуейщ. Мы илъэсым дгъэзэщIэнущ егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным, сабий зиIэ унагъуэхэр дэIыгъыным, кхъахэ хъуа унэхэм щыпсэухэр гъэIэпхъуэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр къэгъэщIэрэщIэжыным епха проектхэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм дэтхэнэ зы унэтIыныгъэмкIи ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэр нэхъ псынщIэу зэфIэха хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къалъыхъуэну пщэрылъ ящищIащ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ блэкIа илъэсым щIыпIэ бюджетыр зэрагъэзэщIам. 2024 гъэм хэ-



хъуэу яIащ сом мелард 26,5-рэ, ар абы ипэ илъэсым нэхърэ проценти 10,5-кIэ нэхъыбэщ. Налогым, нэгъуэщI мылъку къыхэхыпIэхэм къыпэкIуэу щIыналъэхэм яIа хэхъуэр мелларди 8-м щIигъу. ЩIыналъэ бюджетым нэхъыбэу мылъкур зытригъэкIуэдар социальнэ Iуэхухэмрэ япэ игъэщыпхъэу яIа къалэнхэмрэщ. Хухахащ сом мелард 15-м нэблагъэ, ар блэкIа илъэсым нэхърэ проценти 4,2-кIэ нэхъыбэщ. Абы хохьэ лэжьапщIэм, социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм, нэгъуэщIхэми хухаха мылъкур.

Апхуэдэу республикэм и Iэтащхьэм щIыналъэхэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьыным, жылагъуэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным, къабзэу зехьэным теухуауэ пщэрылъ зыбжанэхэр ящищIащ зэIущIэм хэтахэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● ТекIуэныгъэ-80

## Гум имыхужынщ

**«ИгъащIэкIэ ди гум къинащ а махуэхэр» Iуэхур иджыблагъэ щекIуэкIащ Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Алътуд къуажэм. Ар траухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэрырахужрэ илъэс 82-рэ зэрырикъум.**

1943 ГЪЭМ щIышылэм и 11-м нэхущым сыхьэтыр плIым ди зауэлIхэр пэрыуващ бийр Къэбэрдей-Балъкъэрым ихужыным. Нэмыцэхэр ди щIыналъэм лей зэрахьэу итащ мазиплI нэблагъэкIэ: Iуэхущ[Iапl]эхэр зэтракъутэу, мамыр цIыхухэр яукIыу. Фашистхэм яукIащ цIыху 4000-м щIигъу.

ЩIышылэм и 5-м Прохладнэ къалэр хуит къащIыжащ. Мыгувэу бийр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужащ. Республикэр хуит къащIыжу ди сэлэт куэд хэкIуэдащ зэхэуэхэм. ЛIыхъужьыгъэ зэрахьащ 37-нэ армэм. Куэдым хуагъэфэщащ «Кавказыр хуит къызэращIыжам папщIэ» медалыр. 1985 гъэм Налшык къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и япэ нагъыщэр зиIэ орденыр. 2010 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ абы «Дзэ щIыхьым и къалэ» къыфIащащ.

ЗэIущIэм хэта ныбжьыщIэхэр къызэхуэсахэм ядэгуэшащ ветеранхэм ятеухуауэ я нэхъыжьхэм къыжраIэжа хъыбархэмкIэ. Республикэм искъым зауэр къызыжьэхэмыуа унагъуэ. Дэтхэнэ хъыбарми щызэщIэтт гуауэри гуфIэгъуэри, къыхэщырт ди цIыхухэм я хахуагъэр.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэр щхьэпэщ ди щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ, ди япэ итахэм я лIыгъэр ящымыгъупщэнымкIэ, щапхъэ ягъэлъагъуэу дунейм тетынымкIэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**



● Дызэкъуэту

## Хэкум и хъумакIуэхэр

**КъБР-м и ЦУР-м мы гъэм япэу эфир занщIэкIэ къигъэпсэлъар «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэедщ. Ар тепсэлъыхьащ IуэхущIапIэр къызэрызэрагъэпэщрэ зрагъэхъулIамрэ 2025 гъэм я мурад.**

ИЛЪЭСРЭ ныкъуэм къриубыдэу щIыналъэ фондым зэрызыхуагъазэ тхыгъэу мин 17-м щIигъу къыIэрыхьащ, абыхэм я процент 95-р ягъэзэщIащ. Мы зэманым Iуэхугъуэ 600-м щIигъу яIэщ хэплъэн хуейуэ. Зэрызыхуагъэзахэм я нэхъыбэр зэпхар дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтым папщIэ ят ахъшэмрэ медицинэ, психологие, юридическэ дэIэпыкъуныгъэхэр къазэрыIэрыхьэну щIыкIэмрэщ. Куэдрэ къохъу дзэ Iуэху хэхам и ветераным и тхылъыр къыдэхынымкIэ, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн ахэр хуэныкъуэу.

Иджыпсту «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым цIыху 38-рэ щолажьэ. Республикэм и районхэм ахэр тегуэшауэ ядолажьэ. Дадэ МуIэед къызэрыхигъэщамкIэ, IэщIагъэлIхэр псори Iуэхум хагъэгъуэзащ. Иджыблагъэ фондым дзэ-социальнэ центр къызэрыщызэIуахам и гугъу щищIым, IуэхущIапIэм и унафэщIым жиIащ абы епха IэщIагъэлIхэр СВО-м мы зэманым щыIэхэм къалъыкъуэкI гугъуехьхэм зэрелэжьыр.

Дадэм къыхегъэщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я хъыбар зэман кIыхькIэ я Iыхьлыхэм къащыIэрымыхьэкIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым зыкъызэрыхуагъазэр. «Я Iыхьлым и хъыбар мазэкIэ къаIэрымыхьэмэ, ди IуэхущIапIэм зыкъытхуагъазэ хъунущ», - къыхигъэщащ Дадэм.

Абы дыщIигъуащ СВО-м и ветеранхэр жылагъуэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм зэрырагъэблагъэр, щIалэгъуалэм зэрыIуагъащIэр. Апхуэдэуи ныкъуэдыкъуагъ зыгъуэта лIыхъужьыр нэхъ тыншу зэрыпсэуным тещIыхьауэ и пэшыр хуаузэд. 2024 гъэм къыщыщIэдзауэ СВО-м и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыгъэпсэхупIэ зэрагъакIуэр зэтраублащ. Мы зэманым ирихьэлIэу апхуэдэу зыгъэпсэхупIэхэм цIыхуи 100-м щIигъум я узыншагъэр щрагъэгъэфIэкIуащ. Мы гъэм а дэIэпыкъуныгъэм текIуэдэнур Социальнэ фондым и ахъшэкIэ къызэрагъэпэщыну Iэмал ягъуэтащ, апхуэдэ гулъытэ хуэныкъуэу цIыху 200-м зыщIагъэкъуэфыну Iэмал яIэщ.

Дадэ МуIэед тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеранхэр «ЛIыхъужьхэм я зэман» нэтыным зэрыхэтми. Нэгъабэ абы цIыху 17 хэтащ, мы гъэм - цIыхуищ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● ХъыбарегъащIэ

## ХьэрычэтыщIэхэм яхуэзэнущ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ АфэщIыж Юрэрэ хьэрычэтыщIэхэм яхуэзэнущ 2025 гъэм щIышылэм и 23-м сыхьэт 15-м.**

АР щекIуэкIынущ республикэм и прокуратурэм и хэщIапIэм: **КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 16**.

КъулыкъущIэхэм яIущIэну зи мурадхэм нэхъ пасэу зрагъэтхын хуейщ мы телефонхэмкIэ: **8 (866 2) 40-48-60, 8 (866 2) 40-03-70, 8 (866 2) 40-20-48, 8 (866 2) 42-29-05**.



# «ЩIэныгъэр» куэдым хунос

**«ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм 2024 гъэм илэжьахэр къыщапщытэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым жылагъуэ жэрдэмхэмкIэ и пэшым. Абы теухуауэ къызэрагъэпэща зэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ зэгухьэныгъэм хэтхэм, Iуэху къадэзыщIэхэм.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Шагин Сергей. Зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр илъэс кIуам зыхунэсахэм тепсэлъыхьащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, «ЩIэныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дыкъынэ Андзор.

- ЩIэныгъэр сыт щыгъуи япэкIэ укIуэтэну Iэмал лъэщ къозытщ, щIэщыгъуэхэр къыпхузэIузыхщ. Мы гъэм ди зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа апхуэдэ Iуэху куэдым республикэм и цIыхухэр къыпэджэжащ, я гум зэрыдыхьар къыхагъэщу. Ди гупсысэ зэтхьэлIэу дызэрызэдэлажьэм, дэрэгъухэр дызэриIэм, зэфIэкI зиIэ лекторхэр ди деж зэрыщыIэм и фIыгъэкIэ, зэгухьэныгъэм лъэщу зеужь. АдэкIи хэдгъэхъуэну ди мурадщ, - жиIащ Дыкъынэм.

2024 гъэм «ЩIэныгъэ» зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщащ щIыналъэ, федеральнэ проект щхьэхуэхэр. Апхуэдэу, зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм лэжьыгъэшхуэ ирищIылIащ «Шаг в карьеру» проектым, «Знание. Герои» хэкупсэ гъэсэныгъэ Iуэхум, нэгъуэщIхэми.

Зэгухьэныгъэм республикэм щиIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэр жыджэру хэтащ «Знание. Первые.», «Знание. Премия.», «Знание. Лектор.» урысейпсо Iуэхухэм, ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым и щIыналъэ Iыхьэм. Лекторхэр щыIащ зэгухьэныгъэм и программэхэу «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым къыщызэрагъэпэщхэм.

КъБКъУ-м щекIуэкIа зэIущIэм щIыхь тхылъхэр щратащ «ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэт IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм: КъБР-м и федеральнэ казначействэм и IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Ахъсор Мухьэмэдрэ Урысейм и социальнэ фондым республикэм щиIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Жылокъуэ ФатIимэрэ. Апхуэдэу, къыхагъэщащ зэгухьэныгъэм жыджэру къыдэлажьэ IуэхущIапIэхэр: КъБКъУ-м IэщIагъэм хэгъэхъуэнымкIэ, щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ, гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и управленэхэр, сабийхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэж «Радуга» центрыр, «Академия ТОП» IуэхущIапIэр, нэгъуэщIхэри.

Илъэс кIуам зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм щекIуэкIащ цIыху мини 7 зыщIэса лекцэ 400 хуэдиз.

*«ЩIэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и тхыдэр къыщожьэ 1947 гъэм политикэ, щIэныгъэ жэрдэмхэр пхыгъэкIынымкIэ совет интеллигенцэм къызэрагъэпэщауэ щыта союзпсо зэгухьэныгъэм и деж. 1963 гъэм абы фIащыжащ «ЩIэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэ, 1991 гъэм щегъэжьауэ «Урысейм и щIэныгъэ» фIэщыгъэр зэрехьэ. Зэгухьэныгъэм хэтхэм щIэныгъэ Iуэхур ягъэкIуатэрт, промышленностым, мэкъумэш IуэхухэмкIэ ехъулIэныгъэ зиIэхэм тепсэлъыхьырт. 2016 гъэм «Урысейм и щIэныгъэ» зэгухьэныгъэм фIащыжащ «ЩIэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ къэрал зэгухьэныгъэ. 2021 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщащ зэгухьэныгъэр бжыгъэхэр зи лъабжьэ иджырей платформэм и мардэм тету къэгъэщIэрэщIэжын зэрыхуейр.*

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Къуажэр къалэм пэгъунэгъу мэхъу



**Мэкъумэш вузхэм я егъэджакIуэхэм папщIэ мэкъумэш, уней IуэхущIапIэхэм яухуа унэхэм трагъэкIуэдам и Iыхьэ ныкъуэм щIигъу къэралым къаритыжынущ.**

МЫ ХАБЗЭР зыхуэгъэзар УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ «Рыболовство», «Россельхознадзор» IуэхущIапIэхэмрэ япыщIауэ лажьэ мэкъумэш университетхэмрэ институтхэмрэ я егъэджакIуэхэрщ. Апхуэдэу щыхъукIи, егъэджакIуэхэм иужькIэ Iэмал яIэнущ илъэситху пIалъэ зэрыдэкIыу щIыналъэм къыщекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ, худэчых хэлъу, зыщыпсэуа псэупIэхэр къащэхужыну.

«Къэбгъэлъагъуэмэ, къэрал бюджетым къыхэкIа ахъшэмкIэ яухуа псэупIэхэм трагъэкIуэда мылъкум и процент 30-м къыщыщIэдзауэ 90-м нэсыху хуапшыныжынущ. Мы гъэм а Iуэхугъуэхэм хухэтхынущ сом меларди 6,5-м щIигъу», - щыжиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил и къуэдзэхэм иджыблагъэ ядригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Дызыхыхьа илъэсым щегъэжьауэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм хуапшыныжынущ я ахъшэкIэ еджапIэ ягъэкIуа студентхэм трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ. Абы нэмыщI, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм практикэ щезыхьэкIа студентхэм я лэжьапщIэмрэ я фэтэрыпщIэмрэ и Iыхьэ гуэрхэри къэралым яритыжынущ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ Мишустин Михаил.

Апхуэдэуи УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэм къалэн ящищIащ къэралым и мэкъумэш-промышленнэ комплексыр IэщIагъэлIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщыным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президентым къахуищIа унафэр нэхъ жыджэру ягъэзэщIэну, сыту жыпIэмэ, мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIым и куэдагъым зэрыхэхъуэнум и мызакъуэу абы и фIыгъэкIэ къуажэдэсхэм IэнатIэщIэхэр къыщыхузэIуахынущ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, УФ-м и Правительствэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр мэкъумэш IэнатIэм ирет, абы и нэIэ тригъэт зэпытщ икIи УФ-м и Президент Путин Владимир къахуищIа унафэм тету, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным хуэлажьэ къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр иратынущ.

Псалъэм папщIэ, мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакIуэхэр лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ, нэхъри езыгъэгугъу ахъшэхэр хухахынущ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, а егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм щылажьэ щIэныгъэлIэхэмрэ, псом хуэмыдэу иджырей мэкъумэш технологие ехьэжьахэр зэхэлъхьэным елэжьхэм мазэ къэс сом мин 40 иратынущ. Абы нэмыщI, къуажэ школхэм агротехнологие классхэр щызыIыгъ егъэджакIуэхэми сом мин 30 мазэ къэс къахьынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 18,** ***щэбэт***

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа къарухэм я командованэ нэхъыщхьэм и махуэщ**

♦**1854 гъэм** къалъхуащ **ПащIэ Бэчмырзэ**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ, кинодраматург **Жылэтеж Сэлэдин**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ Абхъазым, КъШР-м я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Акъ Мухьэрбэч**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, «УФ-м цIыхубэр егъэджэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакIуэ **Умэ Светланэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 19,** ***тхьэмахуэ***

♦**1847 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СулътIан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щIыгъуу» тхыгъэр.

♦**1965 гъэм** Май посёлкэр къалэ ящIащ.

♦**2010 гъэм** Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэу щыта **Жылау Нурбий**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, КIэрашэ Тембот и щIыхькIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Дербэ Тимур**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градус 0 щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 20,** ***блыщхьэ***

♦**1588 гъэм** урыс пащтыхь Фёдор Иван и къуэм Кремлым щригъэблэгъат Черкасскэхэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ.

♦**1921 гъэм** Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ Ветеранхэм я республикэ советым щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщIу лэжьа, УФ-м и ЖурналистхэмрэТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий СулътIан**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **НапщIэкъуий Заур**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Роберт**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ дуней псом самбэ бэнэкIэмкIэ тIэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щIыIэр градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**ЛъэпкъIущыгъэ:**

**Уи щхьэм иумыпэсымкIэ нэгъуэщIым ухуэмыупсэ.**

**● УФСБ-м къет**

# ЩIэпхъаджагъэм къыхуриджэрт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ илъэс 52-рэ зи ныбжь налшыкдэсым илэжь хабзэншагъэр.**

ЗЭРАГЪЭБЕЛДЖЫЛАЩИ, абы социальнэ сетхэм язым щызэбгригъэхырт Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхамкIэ зэрымыарэзыр кърагъэлъэгъуэну щIэпхъаджагъэ ялэжьыну. ехьэлIа экстремист лэжьыгъэм къыхуриджэу.

КъБР-м щыIэ УФСБ-м и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэси 5-кIэ ягъэтIыс.





# Уэсым и махуэ

**Уэсым и дунейпсо махуэр хуэгъэзащ спортым и лIэужьыгъуэу щIымахуэм техуэу кърахьэжьэхэмрэ гъащIэр жыджэру ехьэкIынымкIэ щхьэпэ IуэхущIафэхэмрэ гулъытэ хэIэтыкIа хуэщIыным. Ар къэгъэунэхунымкIэ жэрдэмыр 2007 гъэм къыхэзылъхьауэ щытар Лыжэ спортымкIэ къэралхэм я федерацэрщ.**

СПОРТЫМ и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм е, нэгъуэщIу жытIэмэ, Уэсым и дунейпсо махуэр щагъэлъапIэр щIышылэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэрщ. Гъэ дызэрытым ар щIышылэм и 19-м тохуэ. ЩIы Хъурейм тет бгы лыжэ зыгъэпсэхупIэ псоми, Урысей Федерацэри хэту, а махуэр зэдагъэлъапIэ.

Уэсым и дунейпсо махуэм дыкъыхуреджэ узыншагъэр езыгъэфIакIуэ щыIэкIэ-псэукIэ дахэм балигъхэри дыдихьэхыу сабийхэри къызэретшэлIэным. КъызэгъэпэщакIуэхэм къазэрехъулIэу, зыгъэпсэхугъуэ махуэм трагъахуэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм псори зэдыхэтщ.

Мы махуэм «Уэсым и фестиваль» зыфIаща гуфIэгъуэ зэхуэсхэри ирагъэкIуэкI, зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм щызэхыхьахэм зэрагъэувам тету. ИкIи лъэрыжэкIэ, лыжэкIэ, сноубордкIэ къэжыхьынымкIэ зэхьэзэхуэу балигъхэри ныбжьыщIэхэри зыхэтхэр къызэрагъэпэщ.

Бгы лыжэ зыгъэпсэхупIэхэм щIымахуэкум хуэзэу щрагъэкIуэкIын хуейуэ къалъытэ зэхыхьэхэм япэ илъэсым (2012 гъэм) къэрал 20-м щIигъу хэтащ. Абыхэм ящыщт бгы лыжэ спортымрэ зыгъэпсэхупIэхэмкIэ цIэрыIуэ дыдэ хъуа къэралхэу Швейцариер, Тыркур, Къэзахъстаныр, Норвегиер, Финляндиер, нэгъуэщIхэри.

ЕтIуанэ илъэсым зи гугъу тщIы фестивалым хэтыну гупыж зыщIа хэгъэгухэм я бжыгъэр 40-м нэблэгъат. 2020 гъэр къэтщтэнщи, Уэсым и дунейпсо махуэр къэрал 45-м щагъэлъэпIащ. Абыхэм яхэтар бгы-лыжэ курортхэр лIэщIыгъуэкIэрэ здэщыIэ щIыналъэхэм (Швейцарием, Норвегием, Финляндием, нэгъуэщIхэми) я закъуэтэкъым, атIэ, апхуэдэхэр щымащIэ е зимыIэххэ хэгъэгухэри (псалъэм папщIэ, Венгриер, Япониер, Эстониер, уеблэмэ Пакистанри) къахыхьат.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



**● Ди къуажэхэр**

# Псыкуэддэсхэм я тыншыпIэ

**Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыкуэд къуажэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэр зэIузэпэщ ящIащ. Псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 2300-рэ мэхъу ар икIи курыт еджапIэм пэгъунэгъущ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIа жыг хадэ цIыкIум лъэс лъагъуэхэр къыщыхагъэщхьэхукIащ, плиткэхэр иралъхьащ, мывэхэр кърагъэтIылъэкIащ, иджырей уэздыгъэхэмкIэ зэщIагъэнэхуащ. Абыхэм нэмыщI, тетIысхьэпIэхэмрэ пхъэнкIий идзапIэхэмрэ щагъэуващ, жыг цIыкIухэр щыхасащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къуажэдэсхэми абыхэм я хьэщIэхэми зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын, нэр зыгъэгуфIэ щIыпIэ зэпэщ ягъуэтащ. Мыбдежым спортми зэман щыхухэпх хъунущ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «Жылэхэм ущыпсэуну тынш щIын» программэм ипкъ иткIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр Аруан щIыналъэм и нэгъуэщI жылэхэми блэкIа илъэсым щызэфIагъэкIащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ЩIэблэмрэ щIэныгъэмрэ

**ЦIыхур зыщыщымрэ къызыхэкIамрэ гувами-щIэхами щIэупщIэу, и къуэпсхэр къиухутэу, и адэжь-анэжьхэм дунейм къытрана лъэужьхэр зыхуэдэр зэхигъэкIыу хуожьэ. Iуэху къызылъыкъуэкIар, ар ирегуфIэгъуэ е иренэщхъеягъуэ, къыкъуэувэну цIыхум Iэмалыншэу щIоупщIэ. Апхуэдэ щытыкIэ иувэм къыдалъхуахэр, унэкъуэщхэр, анэшхэр, благъэхэр къелъыхъуэ. «МафIэм и гъунэгъу лыр мажьэ», жаIэ. Сыт хуэдэ дауэдапщэми къыхыхьэ цIыхум ар екIуу дэха зэрыхъунымкIэ телъ хьэкъыр егъэзащIэ, зэрыжаIэщи, кIэтIий кIапэр зэриIэтынум, зэригъэдэхэнум, зэригъэлъэпIэнум хущIокъу. Къыбгуэувэр бгъэгъуэщынукъым, узэрыкIэлъыкIуэным икIи зэрыпIыгъыным ухущIэкъунущ. Арыххэуи, адыгэ цIыхур Iыхьлырэ благъэкIэ фIыщи, абы хэлъ фIагъыр щIэблэм зэрызэхригъэщIыкIынуми хущIокъу.**




АДЭЦIИБЛ къиIуэныр, языхэзми и IуэхущIафэхэм тепсэлъыхьыныр адыгэ быным дежкIэ пщэрылъу щытащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ Iыхьлыхэми яхуэсакъын хуейуэ къалъытэрт. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, а къалэныр ди япэ итахэм къызыхуэтыншэу ягъэзэщIащ, нобэр къыздэсми лъыкIэ къыбгухьэм укъуэувэныр хабзэу лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ.

Ауэ, ар зыхэдмыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм тIасхъапIэ иIэ хъуащ. КъытщIэувэ щIэблэм ящыщ куэдым къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ яцIыхуркъым, уеблэмэ зы еджапIэ екIуалIэ зэунэкъуэщ ныбжьыщIэхэр щызэрымыщIэ къыхокI. Лъэпкъыр щыиным деж, къудамэ-къудамэкIэ зэрыубыдыжу пIэрэ жыпIэну зы щытыкIэ гъэщIэгъуэн йоувэ. Пэжщ, дызытет дунейм къигъэув псэукIэ хабзэхэм «Iыхьлы» жыхуэтIэ псалъэм кърагъэубыдым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Апхуэдэу щыт пэтми, лъэпкъышхуэщ, зэкъуэтщ, къыпхужаIэныр уасэшхуэщ, абы хэлъ мыхьэнэми кIуэд иIэкъым. ГуфIэгъуэм деж псори зэлъэмыIэсыфми, иужьрей гъуэгуанэ теувэ Iыхьлым узэрыIыгъыу укIэлъыкIуэтэныр, жылэ хабзэ бгъэлъэгъуэныр лъапIэныгъэшхуэщ.

Iыхьлы-благъэ зэрыубыдыкIэм хэлъ мыхьэнэм щыщу зы ныбз къудейщ къэдгъэлъэгъуар, ауэ а зыми наIуэ ещI адыгэ цIыхум фащэу зэрихьэ адыгагъэм и зы пкъыгъуэм хэлъ къарум и инагъыр. Иджыблагъэ дунейм къытехьа тхылъыр зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм къызэрымыкIуэу дахэу толажьэ. Ар лъэныкъуэ зыбжанэкIэ гъэщIэгъуэнщи, «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ хуэщIыпхъэу къыдолъытэ.

Къармэхьэблэр жылэжьщ, тхыдэ гъэщIэгъуэн къызэзынэкIа адыгэ къуажэжьщ. Адыгэ лъэпкъыр иригушхуэну цIыху хьэлэмэтхэр къыдэкIащ. Хабзэжь Хэкужь кърaнэркъым, жаIэ. Щалъхуа жылэм дэлъ хабзэхэр, цIыхугъэ дахэр дунейм тез ящIу апхуэдэщ абы къыдэкIахэр. Апхуэдэу зи щытхъуцIэ жыжьэ Iухэм ящыщщ Къармэхьэблэ дэс Къэшэжхэ. Лъэпкъышхуэщ, къудамэ зыбжанэуи зэкIэщIокI, зэхэIэпхъукIыурэ къуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм дэтIысхьауэ щопсэу. Лъэпкъыр зэрыIыгъын, адэжьхэм зы гъащIэрэ зы дунейрэ зэраIам, абы хуэщыпкъэн зэрыхуейм теухуащ «Къэшэж Iэдэм Нухь и къуэм и щIэблэр» зи фIэщыгъэ тхылъ гъэщIэгъуэныр.

Ар зи Iэдакъэ къыщIэкIар Къармэхьэблэ дэт, Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, Къэшэжхэ япхъу, Лыхьхэ я нысэ Людмилэщ. Илъэс 37-рэ хъуауэ IэнатIэм хьэлэлу пэрыт Людмилэ хэгъэгум фIыуэ къыщацIыху егъэджакIуэхэм ящыщщ, къэрал дамыгъэ зыбжанэ иIэщ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми я гулъытэ игъуэтащ. Людмилэ и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ газетхэм къытохуэ, тхылъ зыбжани къыдигъэкIащ. Апхуэдэу Лыхьым и къалэмыпэ къыщIэкIащ 2014 гъэм дунейм къытехьа «Лыхьхэ я лIакъуэр» тхылъымрэ 2018 гъэм къыдэкIа «ГушыIэр Тхьэм и щIасэщ» гушыIэ зэужьымрэ. Къэшэжхэ ятеухуа тхылъыр езы Людмилэ зыхэс лъэпкъым и тхыдэм щелэжьым кърита гупсысэхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ къагъэщIащ.

«Къэшэж Iэдэм Нухь и къуэм и щIэблэр» тхылъыр ин дыдэкъым, ауэ абы и зэхэгъэувэкIэ хъуам Iуэхушхуэ къызэрыдэкIуэнум шэч хэлъкъым. Тхылъым и пэублэм деж ар зи IэдакъэщIэкI Людмилэ адэжьхэм я цIэхэр щIэблэм егъэщIэным елIалIэу щыта нэхъыжьхэм зэракIэрыхур, кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур къыщыхегъэщ. Абыхэм гукIэ кърахьэкIыу щыта лIакъуэ щIэныгъэр тхыгъэм игъэзэгъауэ щIэблэм бгъэдэлъхьэжыныр хьэкъ зыщызыщIыж Людмилэ щогугъ тхылъым щызэхуэхьэса псори щхьэпэ хъуну. А къалэным Людмилэ хъарзынэу пэлъэщауэ жыпIэ хъунущ.

Къэшэжхэ я лъэпкъым и къудамэ псори къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэ гъэхьэзырыным зэманыфI текIуэдэнущ, дауи. Лыхьым а Iуэху гугъум хэкIыпIэ гъэщIэгъуэн дыдэ къыхуигъуэтащ. Абы Къэшэжхэ я зы къудамэм и зы къуэпсыр - Нухь деж къыщежьэр - къиищтэри зэхитхыкIащ, цIыхухъукIи цIыхубзкIи нэхъыжьыфIым и щIэблэм щыщ къимыгъанэу зэкIэлъигъэкIуащ. Иджы унагъуэбэу зэхэт лъэпкъхэм я лIакъуэ тхыдэр щIызэхуамыхьэсыжыф щхьэусыгъуэхэм зэблэкIыпIэ иIэ хъуауэ къэплъытэ хъунущ. Къудамэ къэс зы цIыху еувалIэрэ къыхузэщIэкъуэр зэригъэуIумэ, ар зы тхылъу зэхилъхьэжрэ дунейм къытригъэхьэмэ, зы псыпэ цIыкIу и жапIэ игъуэта хуэдэу мэхъу, зэрылъэпкъыу я тхыдэр къэбгъэпсэлъэн папщIэ. Ари зы къалэнышхуэти, Людмилэ абы екIуу пэлъэщауэ жыпIэ хъунущ.

Лыхьым и лэжьыгъэм и пщIэр лъагэу еIэт нэгъуэщI зы Iуэхугъуэми. Къэшэжхэ я лIакъуэ тхыдэм нэхъапэкIэ елэжьауэ, абы и гуащIэр хилъхьэу гугъу зыдезыгъэхьауэ щытахэм - Къэшэжхэ Псэбыдэ и къуэ ТIалибрэ Берд и къуэ Исмелрэ - я цIэ къреIуэ. Дауи, лъэпкъым иIа нэхъыжьыфIхэм я фIыщIэ бгъэкIуэд хъунукъым - ахэращ нэхъыжь хъыбархэм нобэм къэзыхьэсар. Ауэ ахэр зытхыжахэм, мыкIуэду къызэтезыгъэнахэм я гугъуехьыр бгъэкIуэдынкIэ Iэмал иIэкъым. Людмилэ и гулъытэкIэ ТIалибрэ Исмелрэ ялъэкIар зыхуэдэр тхылъым къыщыгъэлъэгъуа, абыхэм я гуащIэдэкIым щIэблэр щыгъэгъуэза хъуащ. Мыр щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэщ, пэжым гъуэгу езыт Iуэху щIэкIэщи, тхылъыр абы лъапIэ ещI.

Къэшэж Нухь къытепщIыкIыжа щIэблэм и мызакъуэу, зэры-Къэшэж лъэпкъыу Лыхь Людмилэ тыгъэ яхуищIа тхылъыр Iыхьэшхуищу зэхэтщ. Япэ Iыхьэм къыщыкIуащ Нухь, абы и къуэ Iэдэм, Iэдэм и щхьэгъусэ Теувэжыкъуэ КIуху сымэ ятеухуа тхыгъэхэр. Абы адэкIэ къыщыхьащ Къэшэжхэ ехьэлIауэ ТIалиб итхыжа хъыбархэр. Абыхэм къакIэлъыкIуащ Къэшэжхэ я къежьапIэу къалъытэ, 1590 гъэхэм къалъхуауэ хуагъэфащэ Даут деж къыщегъэжьауэ нобэм нэс къакIуэ щIэблэм я лIакъуэ тхыгъэр. Псори зэгъусэу лIэужьипщI мэхъу. ЦIыху къэс къыщалъхуа дунейм щехыжа илъэсыр, мазэр, махуэр къэгъэлъэгъуащ, зыщыщ къуажэмрэ щыпсэу щIыпIэмрэ къыхэгъэщащ. Унагъуэхэр щызэщхьэщигъэкIым, зэхэмыгъуэщэн хуэдэу, едзыгъуэ-едзыгъуэурэ зэкIэлъигъэкIуащ. Людмилэ хуабагъ хэлъу зи цIэ къриIуэ Папэшхуэрэ (Iэдэмрэ) Мамэшхуэрэ (КIухурэ) я щIэблэр бжыгъэкIэ къэбгъэлъэгъуэнуи гъэщIэгъуэн дыдэщ. Абыхэм быну (къуэуэ) - 5, къуэрылъхуу - 25-рэ, къуэрылъхухэм къалъхуахэм къалъхужауэ - 66-рэ, къуэрылъхухэм къалъхуахэм къалъхуахэм къалъхужауэ - 81-рэ къатекIащ.

ЕтIуанэ Iыхьэм къудамэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэрызэхущыт щIыкIэр нэрылъагъу зыщI лIакъуэ жыгхэр къыщыхьащ. Апхуэдэу тхылъым лIакъуэ жыг 11 итщ. Къыхэгъэщын хуейщ абыхэм я теплъэр зэхэгъэувэным лэжьыгъэшхуэ зэрыпыщIар. Къэшэжхэ я лIакъуэ жыгхэр къызэрымыкIуэу зэхэщIыкIыгъуэу, къудамэ къэс IупщIу къыхэщу, нэм къиубыду зэхэгъэуващ. Ар лъапIэныгъэшхуэщ.

Ещанэ Iыхьэм сурэт щIэнгъуазэкIэ уеджэ хъунущ. Мыбдеж щызэхуэхьэса хъуащ Къэшэж Iэдэм къытепщIыкIахэм, къуэрылъху-пхъурылъхухэм, унагъуэшхуэм нысэу къахыхьахэмрэ малъхъэ яхуэхъуахэмрэ я сурэтхэр. ЗэрылъхузэрыпIхэр нэIуасэ зэхуэхъунымкIэ къызэрымыкIуэу Iэмал гъуэзэджэщ тхылъым къыщыкIуа сурэт гъэтIылъыгъэхэр.

Апхуэдэу «Къэшэж Iэдэм Нухь и къуэм и щIэблэр» тхылъым къыщыкIуащ лъэпкъым щыщу Хэку зауэшхуэм хэкIуэда щIалэхэм я цIэхэр, ихуащ узэщIакIуэ ТIалибрэ усакIуэ Иннэрэ ятеухуа тхыгъэ кIэщIхэр.

Тхылъыр и бжыгъэкIэ мащIэ дыдэщ зэрыхъур, псори зэхэту 50 къыдэкIауэ аращ. ТIэкIу нэхъыбэIуэ дунейм къытехьэу библиотекэшхуэхэм ялъэIэсатэмэ, абы и гъэпсыкIэмрэ игъуэта зэхэлъхьэкIэмрэ лIакъуэ щIэныгъэм дихьэххэм ялъэIэсынт, хуэдэ гъуэгуи пхашынт.

Дунейм къытехьа тхылъым и пщIэр зыIэтыр абы хэлъ мыхьэнэращ. Къэшэжхэ я лъэпкъым и зы къудамэ и тхыдэр къызэщIэзыкъуэж зэужьым и фIагъыр абы хуэдэ куэд къызыкIэлъигъэкIуэну Iэмал зэриIэм хыболъагъуэри, ар Къэшэж-Лыхь Людмилэ и фIыщIэщ. Тхылъыр лъэпкъ куэдым я блэкIар зэфIэгъэувэжынымкIэ гъуазэ хъуну, ар зи къалэмыпэ къыщIэкIами хуэдэ Iуэху купщIафIэ куэдкIэ лъэпкъыр игъэгуфIэну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтри зейр*
**ТАБЫЩ Муратщ.**

## Мэрем, щIышылэм и 24

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15**, **14.00**, **17.00** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Фантастика». Следующий уровень. Финал (12+)
**23.40** Спецпроект. «30 лет вместе» (12+)
**01.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30**, **18.30** «**60** минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.30** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Один в один» (12+)
**00.30** «Истории Большой Страны» (12+)
**01.30** Х/ф «УКРАДИ МЕНЯ» (16+)

### НТВ

**04.55**, **08.25**, **10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
**22.15** Т/с «ШЕФ. ВОЗВРАЩЕНИЕ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Инфощит» (16+)
**02.45** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.35** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.15** Т/с «ПСЕВДОНИМ «АЛБАНЕЦ» -2» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** «По горячим следам» (16+)
**10.25** Д/с «Битва оружейников» (16+)
**11.10** Т/с «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШЕРЛОКА ХОЛМСА И ДОКТОРА ВАТСОНА» (16+)
**12.35**, **13.25**, **15.05** Т/с «ПСЕВДОНИМ «АЛБАНЕЦ» -2» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**17.15** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» (12+)
**20.30** «Война миров». «Битва за Тайвань. Как США и их союзники разжигают войну между Китаем и Тайванем?» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...»
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Просто любить, просто мечтать, просто хочу вам пожелать хорошего Питера!» Народный артист РСФСР Михаил Боярский (12+)
**00.50** Х/ф «РОМАНС О ВЛЮБЛЕННЫХ» (16+)
**02.45** Т/с «ПСЕВДОНИМ «АЛБАНЕЦ» -2» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Д/ф «Древнерусский детектив. Андрей Боголюбский»
**07.50** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**08.20** Д/с «Забытое ремесло»
**08.35**, **22.00** Х/ф «МИХАЙЛО ЛОМОНОСОВ» (16+)
**10.00**, **12.30**, **16.30**, **19.30**, **23.30** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**11.45** Д/ф «Феномен Кулибина»
**12.45** Д/с «Забытое ремесло»
**13.00** «Острова»
**13.45** «Иван Федорович Шпонька и его тетушка»
**15.00** Д/ф «Дом полярников»
**15.45** «Энигма»
**16.45** Письма из провинции
**17.15** Российские мастера концертной сцены
**18.45** Д/ф «Древнерусский детектив. Андрей Боголюбский»
**19.45** Д/с «Искатели»
**20.30** Линия жизни
**21.35** Д/ф «Роман в камне»
**23.45** Х/ф «МОЙ ПАПА БАРЫШНИКОВ» (16+)
**01.15** Д/с «Искатели»
**02.00** Д/с «Запечатленное время»
**02.30** М/ф «Догони-ветер». «Выкрутасы»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Большой хоккей» (12+)
**07.00**, **10.00**, **12.55**, **15.25** Новости
**07.05**, **19.30**, **22.00**, **00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** «Небесная грация» (0+)
**10.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**11.30** Смешанные единоборства. И. Махачев - А. Царукян. UFC. Трансляция из США (16+)
**12.35** Лица страны (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** «Формула-1. Гаснут огни»
**14.55** «Тайны звезд спорта» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.55** Футбол. Winline. Зимняя серия. «Зенит» (Россия) - Сборная Иордании. Прямая трансляция из Катара
**22.35** Футбол. «Торино» - «Кальяри». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.55** Центральный круг (12+)
**02.25** Гандбол. «Чеховские медведи» (Московская область) - «Виктор» (Ставрополь). SEHA-Газпром Лига (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. «Самара» - «Зенит» (Санкт-Петербург). Единая лига ВТБ (6+)

## Щэбэт, щIышылэм и 25

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00**, **12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Моей душе покоя нет...». К 90-летию Валентины Талызиной» (12+)
**11.05** Поехали! (12+)
**12.15** Д/ф «Это я не вернулся из боя». К дню рождения Владимира Высоцкого» (12+)
**12.45** «Наше все» (12+)
**13.35** «ПроУют» (0+)
**14.25** Х/ф «РОЗЫГРЫШ». К 65-летию Дмитрия Харатьяна
**16.15** Д/ф «Дмитрий Харатьян. «Я ни в чем не знаю меры» (12+)
**17.05** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Народный ледниковый» (0+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Своя колея» (16+)
**23.10** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ЯЩИК» (18+)
**01.35** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**11.50** «Доктор Мясников» (12+)
**12.55** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «МУЖ МОЕЙ МЕЧТЫ»
**00.40** Х/ф «МАРУСЯ» (16+)

### НТВ

**04.35** Х/ф «НЕПРОЩЕННЫЙ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Основано на реальных событиях» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** Х/ф «МСТИТЕЛЬ. СТРАШНЫЙ ЛЕС» (16+)
**00.30** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.05** Квартирник НТВ у Маргулиса
**02.25** «Дачный ответ» (0+)
**03.20** Х/ф «ПИНГВИН НАШЕГО ВРЕМЕНИ» (18+)

### ЗВЕЗДА

**06.00** Д/с «Неизвестные сражения Великой Отечественной» (16+)
**06.40** Х/ф «ТАМ, НА НЕВЕДОМЫХ ДОРОЖКАХ...» (16+)
**07.50**, **09.15** Х/ф «КОРТИК» (16+)
**09.00**, **13.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.45** «Мужики» (16+)
**11.05** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**11.55** «Не факт!» (12+)
**12.30** «Родная» (16+)
**13.15** Д/с «Тыл». «БМП-3» (16+)
**13.40** Д/ф «Ледоколы войны» (16+)
**14.25** Х/ф «ВЕРТИКАЛЬ» (16+)
**16.00**, **19.20** Т/с «ЕРМАК» (16+)
**21.15** «Галерея Звезд». Светлана Моргунова (12+)
**22.55** Х/ф «БАРМЕН ИЗ «ЗОЛОТОГО ЯКОРЯ» (16+)
**00.25** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
**01.55** Х/ф «ДВА БИЛЕТА НА ДНЕВНОЙ СЕАНС» (16+)
**03.30** Х/ф «КРУГ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Чертенок № **13**». «Шиворот-навыворот». «Золотая антилопа»
**08.00** Х/ф «СЕРДЦА ЧЕТЫРЕХ» (16+)
**09.30** «Мы - грамотеи!»
**10.10** Д/с «Запечатленное время»
**10.40** Х/ф «ЗЕЛЕНЫЙ ФУРГОН»
**13.00** Черные дыры. Белые пятна
**13.40** Д/ф «Сенин день»
**14.25** «Рассказы из русской истории»
**15.35** Спектакль «Волки и овцы»
**18.45** Д/с «Предки наших предков»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Линия жизни
**20.45** Концерт «Планета МГУ. через века и пространства». К **270**-летию Московского государственного университета имени М.В. Ломоносова
**22.50** Х/ф «КЛАН».
**00.50** Д/ф «Сенин день»
**01.30** Д/с «Искатели»
**02.20** М/ф «Кто расскажет небылицу?». «Ух ты, говорящая рыба!». «В синем море, в белой пене...». «Ишь ты, Масленица!»

### МАТЧ!

**06.00** «Что за спорт?» (12+)
**06.30** Центральный круг (12+)
**07.00** Новости
**07.05**, **17.00**, **19.30**, **22.00**, **01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Ярославской области
**11.15** Лыжные гонки. ФосАгро Кубок России. Спринт. Прямая трансляция из Ижевска
**13.40** Биатлон. Альфа-банк. Кубок России. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Ярославской области
**14.55** Бокс. Кубок России. Финалы. Прямая трансляция из Самары
**17.20** Футбол. «Лейпциг» - «Байер». Чемпионат Германии. Прямая трансляция
**19.50** Футбол. «Наполи» - «Ювентус». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Вальядолид» - «Реал» (Мадрид). Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.55** «Формула-1. Гаснут огни»
**02.25** Автоспорт. Рождественская гонка чемпионов. Трансляция из Тольятти (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Бокс. Э. Альварез - Дж. Стивенс. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, щIышылэм и 26

### 1

**06.00**, **10.00**, **12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Видели видео?» (0+)
**14.00** Т/с «ЛАДОГА». К Дню полного освобождения Ленинграда от фашистской блокады»
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Три аккорда». Новый сезон
**21.00** «Время»
**23.00** Х/ф «КЕНТАВР» (18+)
**00.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.10** Х/ф «ПРЯНИКИ ИЗ КАРТОШКИ» (16+)
**07.20** «В кругу друзей»
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00** Вести
**11.45** Д/ф «Донбасс. Зеркало для героев»
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**04.45** Х/ф «КОНТРАКТ НА ЛЮБОВЬ» (16+)
**06.30** «Центральное телевидение»
**08.00**, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** Человек в праве с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации»
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.25** «Звезды сошлись» (16+)
**23.00** «Трибьют Валерии» (**6**+)
**01.15** «Основано на реальных событиях» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...» (16+)
**06.30** Х/ф «ДЕЙСТВУЙ ПО ОБСТАНОВКЕ!..» (16+)
**07.35** Х/ф «ВЕРТИКАЛЬ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Петр Павлов (Панчевский) (12+)
**11.30** «Тайны военной разведки». «Отто. На секретной волне»
**12.20** «Война миров». «Битва за Тайвань. Как США и их союзники разжигают войну между Китаем и Тайванем?» (16+)
**13.10** «Код доступа» (12+)
**14.00** «Улика из прошлого» (16+)
**14.50** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.40** Д/с «Секретные материалы»
**16.30** «Загадки века с Сергеем Медведевым» (12+)
**17.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой
**19.40** Д/с «Легенды советского сыска» (16+)
**23.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**23.40** Х/ф «КОРТИК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** М/ф «Непослушный котенок». «Сестрица Аленушка и братец Иванушка». «Храбрый портняжка»
**07.35** Д/с «Первые в мире»
**07.55** Х/ф «ПРОСТИ НАС, САД...»
**10.15** Тайны старого чердака
**10.40** Д/ф «Человек в шляпе. Анатолий Ромашин»
**11.20** Х/ф «ДЛИННЫЙ ДЕНЬ» (16+)
**12.45** Дом ученых
**13.15** Неизвестные маршруты России
**14.00** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**14.30** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**15.15** Х/ф «БЕЛЫЙ КЛЫК» (16+)
**16.55** «Пешком...»
**17.25** «Романтика романса»
**18.20** Д/ф «Толстые и тонкие. О феномене советских литературных журналов»
**19.30**, **19.45** Новости культуры
**20.25** Х/ф «ЗЕЛЕНЫЙ ФУРГОН»
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, щIышылэм и 26**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ЕтIуанэ лъэбакъуэ зрамыгъэчахэр

● ЩIэин

**Дыщыпсэу къэралыр къызэрыкIа лъэхъэнэхэм я нэхъ хьэлъэрэ гъунапкъэншэу щытахэм ящыщщ 1920-1930 гъэхэр. Абы щыгъуэ къекIуэкIа политикэ Iуэхугъуэхэр ядж пэтми яхуэухыркъым, зи жэуап къамыгъуэта упщIэхэри гъунэжщ. Ар лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ гугъу ехьа мэкъумэшыщIэхэм я зыIэтыгъуэт, къэралым и щIэрэщIэгъуэт, абы къыдэкIуэуи адрей псоми къахэжэныкIахэм я кIуэдыжыгъуэт.**

АБЫ ЩЫГЪУЭЩ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр Совет зыужьыныгъэм щыхэшыпсыхьар, щIэныгъэмрэ тхыбзэмрэ хуиту зыщрагъэужьар, я IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ ятхыжу дунейпсо утыкум кърахьэну Iэмал щагъуэтар. Адыгэм адыгэу зищIэжынымкIэ, щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зыфIэзыхахэм, щIыналъэщIэхэм зезыгъэужьахэм, лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм я Дыщэ лъэхъэнэ дахэр и узэщIакIуэхэм я лъыпскIэ ираIэжауэ щытащ унафэщIхэм. Апхуэдэущ зэрагъэкIуэдауэ щытар 1936 гъэм дунейм къытехьа «Къэбэрдей IуэрыIуатэ» тхылъыр зэхэзылъхьахэр. Адыгэм IуэрыIуатэ защIэу илъэс мин бжыгъэкIэ ихъума тхыдэр, уэрэдыжьхэр, эпосыр, хъыбархэр щызэхуэхьэса, щIэныгъалъэрэ дыщэ пхъуантэу къалъытэ къыдэкIыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэхутэ институт пщIантIэм щагъэсыжауэ, абы елэжьа адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, узэщIакIуэ гупым «лъэпкъым и бий» икIагъэцIэр къыфIащри, яукIауэ щытащ.

Политикэ IуэхукIэ НКВД-м игъэкIуэдауэ щытащ драматург, усакIуэ АфIэунэ Мухьэмэд (1908-1937), усакIуэ, прозаик, егъэджакIуэ Борыкъуей ТIутIэ (1888-1937), Къуэжей Сосрыкъуэ (1901-1937), новеллэтх Махъсыдэ Залымхъан (1909-1937), усакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м и щIэныгъэхутэ институтым и унафэщIу щыта Пщынокъуэ Абдул (1907-1937), усакIуэ, драматург, егъэджакIуэ ШэджыхьэщIэ Пщыкъан (1879-1937), Щэрэлъокъуэ ТаусулътIан (1884-1937), усакIуэ, тхакIуэ, IуэрыIуатэдж Пщынокъуэ МэчрэIил (1898-1937), а гупым унафэщIу яхэта урыс щIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж, критик Талпэ Михаил (1894-1937) сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэрат 19-нэ лIэщIыгъуэм Нэгумэ Шорэ ирихьэжьа Iуэху дахэм къыпызыщари зезыгъэужьари.

Зи гугъу тщIа щIэныгъэлIхэм адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр къызэхакIухьурэ, IуэрыIуатэ, хъыбарыжь зыщIэжхэр къагъэпсалъэрт, абыхэм къаIуэтэжхэр ятхыжырт. ЖыпIэнумэ, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. А псори щызэхуэхьэсыжа «Къэбэрдей IуэрыIуатэ» тхылъыр 1936 гъэм «Академия» тхылъ тедзапIэм 5300 -рэ хъууэ къыщыдэкIат.

- Зи гугъу тщIы тхылъым ихуат къэбэрдей IуэрыIуатэм къыхэщыпыкIа пшыналъэ зыбжанэ, уэрэдыжьхэр, мифхэр, дауэдапщэхэр, 16-17-нэ лIэщIыгъуэхэм псэуа адыгэпщхэмрэ лIыхъужьхэмрэ я хъыбархэр, Октябрь революцэм ипэрэ иужькIэ псэуа къэбэрдеилI хахуэхэм ятеухуа гукъэкIыжхэр, нэгъуэщIхэри. Гу лъытапхъэщ а тхылъыр ВКП(б)-м Къэбэрдей-Балъкъэр областым щиIэ комитетым и унафэщI Къалмыкъ БетIал и жардэмкIэ зэратхар. IуэрыIуатэр зэхуахьэсыжыныр я пщэ къыдэхуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэхутэ институтым щылажьэ щIэныгъэлIхэм, Совет ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым щиIэ къудамэм хэтхэм, къэбэрдей интеллигенцэм. Пэжщ, мы Iуэхум и псыпэхэшу къалъытэр Нэгумэ Шорэ, Къудащ Владимир, Дым Iэдэм, Цагъуэ Нурий сымэщ. Ауэ абыхэм къатIэщIыжа лэжьыгъэр зэщIэзыгъэхьари, цIыхубэм хыхьэу алъандэрэ ямытхыжауэ IуэрыIуатэ защIэу кърахьэкIа тхыдэмрэ пшыналъэхэмрэ зытхыжари, напэ 700-м нэблагъэ тхылъыр зэхэзыгъэувари 1937 гъэм политикэ IуэхукIэ ягъэкIуэда ди щIэныгъэлIхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Дым Iэдэмрэ абы и къуэшхэмрэ ихьащ репрессием. КъезбжэкIа псыпэхэшхэм ящыщу Цагъуэ Нурий щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъащ. Ар Уэсмэн къэралыгъуэм щалъхуат, абы щеджат, уэсмэн тхыдэтххэм я лэжьыгъэхэм я закъуэ мыхъуу, алыдж, урым еджагъэшхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм, пасэрей лъэпкъыжьу хьэтхэм, шумерхэм, аккадхэм, мысырхэм я мифологиеми зыщигъэгъуэзэну, КъурIэнри иджыну Iэмал иIат абы. ЖыпIэнуракъэ, Истамбыл университетыр ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу къызэриухам папщIэ дыщэ сыхьэт кърататауэ щытащ, икIи ар зыпIыжа и адэ къуэшым Нурий щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу Хэкужьым къригъэгъэзэжыныр и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэу абы хуигъэхьэзырауэ жыпIэ хъунущ. Хэкум къигъэзэжа нэужь Нурий Дымым дэлэжьащ, адыгэбзэмрэ тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щытащ, «Адыгэ макъ» газетыр къыдэкIыу зэтезыублахэм язщ. Абыи зэхуихьэсыжырт IуэрыIуатэр. А тхьэмыщкIэм лъэпкъым хуилэжьа псори псыхэкIуадэ зэрымыхъуар и нэгу щIэкIакъым – Цагъуэр машинэ щхьэпридзам иукIауэ щытащ 1936 гъэм. Ар зыдэлэжьа щIэныгъэлI гупым политикэ IуэхукIэ лей къазэрытехьар нобэр къыздэсым лъэпкъ щэнхабзэм къофыкI жыпIэмэ, ущыуэнукъым, - жеIэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм.

1935 гъэм, гъэмахуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэхутэ институтым и лъэIукIэ къалащхьэм къикIри, Налшык къэкIуащ профессор, академик Соколов Ю. М. зи унафэщI щIэныгъэлI гупыр. 1933-1934 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэхутэ институт и унафэщIу, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ къудамэм и тхьэмадэу щыта, «Кабардинский фольклор» тхылъым елэжьхэм унафэщIу яхэта Нало Жансэхъурэ Соколовымрэ зэныбжьэгъуфIт, я акъыл зэтехуэти, лэжьыгъэри екIуу зэтраублат. Абыхэм яхэтащ Глобэ А. П., Дынник В. А., Зенкевич М. А., Къэбэрдей усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ ящIыгъуу гупым щIаджыкIащ къэбэрдей IуэрыIуатэмрэ усыгъэмрэ я ухуэкIэр, икIи 1935-1936 гъэхэм уэрэдыжь куэд урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Тхылъыр къыдэмыкI щIыкIэ Соколовыр лъэныкъуэ ирагъэзри, абы и пIэкIэ щIэныгъэлI гупым унафэщIу къыхуагъэкIуат Талпэ М. Е. ИужьыIуэкIэ а гупым Звягинцев В. К., Остроумов Л. М. сымэ къахыхьэжри, къэбэрдей щIэныгъэлIхэм алъандэрэ зэхуахьэсыжа IуэрыIуатэмрэ хъыбарыжьхэмрэ урысыбзэм кърагъэзэгъащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ совет щIэджыкIакIуэхэм Iэмал ягъуэтащ зи тхыдэр илъэс мин бжыгъэ хъу бгырыс лъэпкъым и IуэрыIуатэм зыщагъэгъуэзэну.

Зэрынэрылъагъущи, илъэси 100-кIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэм дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэт ар. Тхылъым елэжьахэр ирипагэрт, адыгэр иригушхуэрт «Къэбэрдей IуэрыIуатэм». Ар дунейм къызэрытехьэу, тхыбзэ имыIэу къекIуэкIа (Сыт щIимыIар?! ИIащ зэгуэр, ауэ зауэ мыухыжхэм IэщIиудауэ арат!) лъэпкъым дежкIэ къызэрымыкIуэ Iуэхугъуэу, егъэлеиныгъэу, хуэмыфащэу къащыхъужащ къэрал унафэщIхэм. ИкIи абы елэжьа гупыр дашри ягъэкIуэдащ.

- Адыгэр нобэм къызэрысар и бзэрщ, хабзэрщ, IуэрыIуатэрщ зи фIыщIэр. Сэри сызэраущияр адыгэбзэщ, Адыгэ хабзэр си гъуазэу сапIащ, щапхъэу сиIари IуэрыIуатэм дигъэцIыхуж лIыхъужьхэрщ. Сысабийуэ гу лъыстат нарт лIыхъужьхэм я дуней тетыкIэмрэ си нэгу щIэт, си гум илъ, сызыхуэпабгъэ щыIэкIэ-псэукIэмрэ зэрызэтехуэм. Арыххэуи згъэщIагъуэрт: хэт япэ дыдэу IуэрыIуатэр зэхуихьэсыжу зытхыжар? Илъэс плIыщI хуэдиз дэкIа нэужьщ а упщIэм и жэуапыр къыщызгъуэтар. ЩIыналъэ ФСБ-м и дэфтэрхэр къэсIэтыжу, 1937 гъэм ехьэлIа тхылъхэр зджа нэужь наIуэ къэхъуащ апхуэдизу гукъинэ сщыхъуа нарт теплъэгъуэхэр зэныбжьэгъу гупым зэрызыхуахьэсыжар: адыгэ усакIуэхэм, IуэрыIуатэджхэм, адыгэм и тхыбзэр зыгъэпса лIыхъужьхэм. Илъэс бжыгъэкIэ тележьащ ахэр эпосым, икIи 1936 гъэм «Академия» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIауэ щытащ адыгэ щэнхабзэм къежьапIэрэ лъабжьэрэ хуэхъуа IуэрыIуатэр щызэхуэхьэсыжа тхылъыр. Яхэтащ а лIыхъужь уардэхэм си адэшхуэ Пщынокъуэ МэчрэIили. Тхылъым и редактор нэхъыщхьэ, щIэныгъэлI лъэрызехьэ, а лэжьыгъэр зригъэзэхуэну Кавказ Ищхъэрэм къагъэкIуа Талпэ Михаил щIыгъуу си адэшхуэр хэтащ лъэпкъ хъыбарыжьхэр ятхыжу адыгэ къуажэхэр къызэхэзыкIухьа зекIуэлIхэм. Си адэшхуэм щIэх-щIэхыурэ къыкIэлъыкIуэрт и дэлэжьэгъухэр. Шэджэм щиIэ унэ-лъапсэжьым щигъэхьэщIа щIэныгъэлIхэм яхэтащ Борыкъуей ТIутIэ – ныбжьэгъуфI, хэкупсэ, адыгэ тхыбзэр зыубзыхуа щIэныгъэрылажьэ щэджащэ, усакIуэ. Ди унагъуэм фIыкIэ и цIэ щраIуэу щытащ Шортэн Аскэрбий. Дадэ и деж къакIуэрт къызэщIэушэ адыгэ литературэм и псыпэхэш куэд. И хьэщIэхэм щIыгъуу дадэ зэхуахьэсыжахэм къеджэжырт, тепсэлъыхьырт, жанр зэхуэмыдэхэр япсыхьырт. «Къэбэрдей IуэрыIуатэр» дунейм къызэрытехьэрэ илъэс дэкIауэ, бадзэуэгъуэ мазэм и зы пшыхь хуабэхэм, адыгэ щэнхабзэм и лIыхъужь пэрыт гупыр, я редактор нэхъыщхьэр ящIыгъуу, дашри яукIауэ щытащ, тхылъри IуэрыIуатэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмкIэ Iэрытххэри зэрыщыту институтым щагъэсащ. ЯгъэкIуэдащ япэ творческэ интеллигенцэр. IуэрыIуатэр зытхыжахэм «лъэпкъым и бий» фIащри, я натIэ хъуам зыри щымыгъуазэу кIуащ лIэщIыгъуэ ныкъуэ. Нобэр къыздэсым зыми ищIэркъым ахэр щыщIалъхьэжа щIыпIэр. Мывэкъалэу яIэтат абыхэм лъэхъэнэ жыжьэм и фэеплърэ адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ нобэм къэзыхьэса IуэрыIуатэр. Зы Iэмал закъуэт щыIэр лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыж тхыдэр утыку ипхьэнуи, а Iуэхум я щхьэр халъхьащ. А щIэинырщ лъэпкъым ди гъуэгуанэр игъэнэхуу, гъуазэу ди япэ итыр, - жеIэ «Къэбэрдей IуэрыIуатэр» зытхахэм яхэта Пщынокъуэ МэчрэIил и къуэрылъху Артур.

Ди япэ щIэныгъэлIхэм ягъэхъа лIыгъэм утепсэлъыхьыну, утетхыхьыну ухуимыту щыIащ зэман. Ахэри къащIэна унагъуэхэри лъэпкъым и бийуэ къалъытати, Iэпэр хуашийрэ дэнэкIи я гъуэгур зэхуэщIауэ къэгъуэгурыкIуащ 1957 гъэ пщIондэ. Абы иужькIэ ягъэкIуэда интеллигенцэм япэ дыдэу тетхыхьахэм ящыщщ МэшылI Екатеринэ (1937-1981). «Япэу лъэбакъуэ зычахэр» тхылъымкIэ (1968), абы я цIэр иIэтыжауэ щытащ зи щхьэр щIэныгъэм хэзылъхьа адыгэ узэщIакIуэхэм.

«ЩIэныгъэ иIэу лIэщIыгъуэкIэрэ къэгъуэгурыкIуэ лъэпкъхэм ехъуапсэ зэпыту зэрыпсэуам и щыхьэту, етIощIанэ лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм адыгэм къащIэтэджат лъэпкъ интеллигенцэ димыIэм купкъи жэпкъи хуэхъун хуея, а къалэным хуэфэщэн псомкIи Тхьэр зыхуэупса щIалэгъуалэ гупышхуэ. Зыгуэрхэм алфавитыщIэ анэдэлъхубзэм хузэхалъхьэрт, адрейхэм щыIэр ирагъэфIакIуэрт, ди бзэм теухуа къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр ятхырт, цIыхубэ театрхэр къэунэхурт, япэ адыгэ усэхэр, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр дунейм къытехьэрт. ЖыпIэнуракъэ, мурадхэр инт, ахэр къэзыгъэIурыщIэфын жэрдэм зиIэ цIыху хьэлэмэтхэр, фIы мыхъумэ, Iей лъэпкъ пэплъэртэкъым, ауэ... Ауэ, ди тхыдэм, зэрыжаIэщи, шейтIаныр къытебжауэ къыщIэкIынти, зи шырхэр зышхыжыну къызыIурыбла псэущхьэ шынагъуэм ещхьу, «гъащIэщIэм» зыкъызэридзэкIщ, гугъапIэ инхэр зиIэу зигухэр фIым хуэпхъэр, зи къэкIуэнур лъэпкъ Iуэхум тезыухуа цIыху щхьэпэхэм къатебанэри, я псэ хейхэр зыIуридзащ...

1968 гъэм къыдэкIащ «Япэу лъэбакъуэ зычахэр» тхылъыр. Абы итщ лажьэ зимыIэу ягъэкIуэда, адыгэ литературэм псыпэ хухэзыша тхакIуэ гупым я гъащIэр къызэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ кIэщIхэр.

СощIэж, тхылъыр къыдэкIри тыкуэнхэм зэбграшат, зы бжыгъэ гуэри ящэну хунэса си гугъэжт, «Зэпывгъэу!» унафэр къащыIэрыхьам.

Тхьэм ещIэ абы щхьэкIэ, нэхъ щабэу жытIэнщи, къыпагъэжьыкIахэр хэт сымэми, – а лъэныкъуэмкIэ Iуэхум дыщыгъуазэкъым, ауэ дэ дызыщыгъуазэращи, гъэ бжыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ напэхэр къыдатхъыурэ, бжыгъэ лъэпкъ зэрымыт нэгъуэщI напэхэр дагъэпщIэжауэ щытащ. ИтIанэщ тыкуэнхэм щыщIалъхьэжар. А тхылъыр нобэ зиIэжхэр феплъ, – си гугъэщ мы жысIэм щыхьэт къытемыхъуэн экземпляр щIагъуэ а тиражым къыхэмыкIыну.

Дапхуэдизу яфIэемыкIурэ щIэнакIэ хэлъу зыгуэрхэр темыпсэлъыхьми, зыкъомкIэ узэрыгуфIэ хъун щапхъэт мыр: етIощIанэ лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм ди къэрал политикэм «жьыбгъэ хуабэ кIапэ» къыхукъуэури, ди зэхэтыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ тIэкIу зихъуэжауэ щытащ. НэхъыфIу щыIэмкIэ цIыху цIыкIур къигъэгугъэурэ къежьа, иужькIэ зи нэм хуэм-хуэмурэ лъыр къытелъадэу щIидза, апхуэдэурэ лъыпэ игъэкIыныр хьэл мыгъуэ зыхуэхъуауэ щыта властыр ириукIытэжу хуежьат а япэ ита «тхьэпэлъытэхэм» зэхащIыхьа щIэпхъаджагъэ къомым. Пэжщ, фэрыщIагъышхуэм кIуэцIыгъэджэрэзат абы щыгъуи гъащIэм къызыпхива а пэж кIапэр, лейуэ зэрахьар зыхуэдизымкIэ заумысыжу ичрам къыщахьыжыну махуэм зэкIэ пэжыжьэт къэралым и «гублащхьэдэсхэр», ауэ, къэзыгъэзэжыр Тхьэм ещтэ, жыхуаIэм ещхьу, ари узыщыгуфIыкI хъуну Iуэхут.

Мыр адыгэм я закъуэ ягъэва хьэзабу зэрыщымытам, СССР къэралыгъуэшхуэм щыпсэуа лъэпкъ псоми къанэ щымыIэу ахэр я нэгу зэрыщIэкIам хэти щыгъуазэщ, дэщIыбгъужын къыпхуэмыгъуэтыжын жыхуаIэм хуэдизуи куэд дыдэ тратхыхьащ. Ауэ дэ, зэрыжытIащи, Iуэхугъуэ псоми дазэрытепсэлъыхьыр икIи дазэрытепсэлъыхьыну ди мурадыр адыгэ лъэпкъым и гъащIэм а Iуэхугъуэхэр зэрыкIуэцIрыкIам е нобэ зэрыщекIуэкIым елъытауэщ. Нэхъ къахэтхутыкIыну дызыхуейр а Iуэхугъуэхэм ящыщу ди лъэпкъ тхыдэм и нэпкъыжьэ зытелъхэрщ. Дэр-дэрурэ зэхуэтIуэтэжу, ди къэкIуэнум и хьэтыркIэ, дерс къызыхэтхын хуейуэ къэтлъытэ нэщэнэхэрщ», - тетхыхьауэ щытащ а тхылъми иращIэкIа псалъэмакъым адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург Iутыж Борис.

Къэбэрдей щIэныгъэлIхэр щыдаша махуэ дыдэм, дауи, яукIакъым. Хабзэм къызэритIасэу я Iуэхухэм хэплъащ, апщIондэху езыхэр тутнакъэщым щаIыгъащ. Институтым и дэфтэр хъумапIэм щIэлъщ щIэныгъэлIхэр тутнакъэщым исыху я гум щыщIам ухэзыгъаплъэ тхыгъэхэр. Ахэр къиIэтыжурэ тетхыхьащ бзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэхутэ институт и лэжьакIуэ Къэжэр Иннэ. Абыхэм ящыщщ Пщынокъуэ Абдул и щхьэгъусэ Нуриман Марьям и гукъэкIыжхэр. Иужь дыдэу и щхьэгъусэм зэрыхуэзам щыщ пычыгъуэ фи пащхьэ идолъхьэ...

«1937 гъэм и гъатхэпэ махуэхэм ящыщ зым НКВД-м сраджащ, къыспкърыупщIыхьыну. Сэ сыкъэрабгъэкъым, ауэ зыгуэр щIыIэ-щIыIэу си щIыфэм ирижэри, си гур ехуэхащ. Ауэ щыхъум, сабийр къыздэсщтащ - зыгуэрым сытримыгъэу, сыкъимыгъэхуабэу хъунутэкъым. Следователыр къызэпсэлъа нэужь, сыхьэтитI къызатри, Абдул сыхуагъэзащ. Абы джанэ щхъуафэ щыгът, пщампIи темыту, бгырыпхи щIэмылъу. Мазэ кIуам къриубыдэу си щхьэгъусэр жэбзат, и жьакIэр зэщIэкIат, езым и фэр шэхуу пыкIат, ауэ и нэр къилыдыкIырт. Апхуэдэущ си нэгу къызэрыщIэнэжари. Хъыджэбз цIыкIур и адэм и куэщIым исащ гу щимыхуэжу, дэджэгуу. Езыри къеубзэрт, къедэхащIэрт. Абдул гушыIэну хэтт, зиIыгът, тутнакъэщым къыдисхэм тепсэлъыхьырт, махуэхэр зэрагъакIуэм сыщигъэгъуазэрт. «Декабристхэм я лъагъуэм срикIуэн хуей хъумэ, укъызбгъурытыну?!», - къызэупщIащ ар. «ЩIым и гъунэм сынэкIуэнущ уи гъусэу!», - естыжащ жэуап. СыхьэтитIыр и кIэм щынэсым, псалъэ сIихащ Неля сыхуэсакъыну, схузэфIэкIмэ езгъэджэну, IэщIагъэ-щIэныгъэ езгъэгъуэтыну. Абдул сабийр лъагэу иIэтри, тхьэ иIуащ Хэкум зэремыпцIыжамкIэ, зыкIи зэрымыкъуаншэмкIэ, и напэр зэрыкъабзэмкIэ. Абы иужькIэ зэи дызэхуэзэжакъым»...

Иджыри зы теплъэгъуэ гууз, Пщынокъуэ МэчрэIил и къуэрылъху Артур къиIуэтэжу: «Си адэшхуэмрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ зэныбжьэгъуфIу щытащ. Пщэдей хуэдэм дадэ дашыну, пщыхьэщхьэм Алий нэкIуат ди деж. Iэнэр къыхуаузэдщ, IэфIу зэдэшхэри, куэзыр зэдэджэгуу, гуфIэу, гушхуэу зэбгъэдэсащ. ИтIанэ тIури зэуэ нэщхъей къызэрыгъэхъури, тхьэ зэхуаIуащ, зыгуэркIэ тIум языхэзым НКВД-р къыкIэлъыкIуэмэ, дашам и унагъуэм адрейр кIэлъыплъыну. ЕтIуанэ махуэм си адэшхуэр дашащ. Махуэ бжыгъэ дэкIри, си анэшхуэм гъуэмылэ зэрилъхьэри, Налшык кIуащ лъэсу. Къалэм дэту, нанэ плъэри, ЩоджэнцIыкIур уэрамым кърикIуэу гу лъитащ. КъицIыхужати, «и ныбжьэгъум щIэупщIэну къыщIэкIынщ къэсмэ, ди Iуэху зыIутыр хуэсIуэтэнщ, апщIондэху сэри зызгъэпсэхунщ» жыхуиIэу, къызэтеувыIащ. Ауэ Алий къыщысым, зэи си нанэр имыцIыхуам хуэдэу, къыхуемыплъэкIыххэу блэкIащ. ЩыблэкIми, и Iупэр къапщIэ къудейуэ хъейри: «Тхьэмыщкlэжьыр дауэ щыт?», - жиIащ къызэтемыувыIэу. Хэт ищIэрэ, къыкIэлъыплъ хъунт НКВД-р... Курыт еджапIэм сыщIэсу а хъыбарыр си анэшхуэм къысхуиIуэтэжауэ щытащ. Ди унагъуэм, зэрыжысIащи, «лъэпкъым и бий» цIэ жагъуэр 1957 гъэм трахыжауэ щытащ. А хъыбар гуапэр нытхуэзыхьар си адэшхуэм и ныбжьэгъу Шортэн Аскэрбийт».

Политикэ IуэхукIэ лей къызытехьа щIэныгъэлIхэм тепсэлъыхьыну, тетхыхьыну хуит хъужами, яхуэфащэ пщIэ ягъуэтыжакъым нобэр къыздэсым. Институтым щылажьэ щIэныгъэлIхэр дэтхэнэми щхьэхуэщхьэхуэу тетхыхьа, абыхэм къащIэува IуэрыIуатэдж, тхакIуэ закъуэтIакъуэхэр тепсэлъыхьа мыхъумэ, узэщIакIуэхэм къалэжь фэеплъ къащIэнакъым.

2026 гъэм илъэс 90 ирикъунущ «Къэбэрдей IуэрыIуатэр» дунейм къызэрытехьэрэ. Ар зэхэзыгъэувахэр щIэблэм яцIыхун папщIэ, дауэдапщэ гуэрхэр егъэкIуэкIыпхъэу, фэеплъи яхуэгъэувыпхъэу къысщохъу си щхьэкIэ. Абы папщIэ псори диIэщ: сурэтыщI Iэзэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэфIхэри, япэ ита узэщIакIуэхэм я лэжьыгъэм щIапIыкIа щIэныгъэлI цIэрыIуэхэри.

**ФЫРЭ Анфисэ**, *тхакIуэ, ЩIДДА-м и член-корреспондент.*




● Фщlэн папщlэ

# Аруан Iуащхьэхэр

КъБР-м и Аруан районым щыIэ археологием и фэеплъ телъыджэхэм я лъабжьэр къыщожьэ ди эрэм и пэкIэ IV – III лIэщIыгъуэхэм икIи мейкъуапэ щэнхабзэм хохьэ.

Псори зэхэту Iуащхьэхэр 50-м щIегъу, абыхэм ящыщу 3-р я инагъкIэ адрейхэм къахощ. Аруан Iуащхьэ гупым хэтхэм я нэхъ ин дыдэм и лъагагъыр метр 30, и хъуреягъым къиубыдыр диаметри 150-м щIегъу. Iуащхьэм и инагъым къегъэлъагъуэ абы щIалъхьар пщIэшхуэ зиIэ цIыхуу зэрыщытыр. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар лъэпкъ гуэрым и унафэщIу щытагъэнущ. Абы и пщIэмрэ и зэфIэкIымрэ щыхьэт тохъуэ Iуащхьэр щIыным мылъкушхуи лэжьыгъэшхуи зэрытрагъэкIуэдар. IV – III лIэщIыгъуэхэм апхуэдэ Iуащхьэхэр здэщыIар Месопатамие Ипщэмрэ Мысыр Ищхъэрэмрэщ.

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Аруан Iуащхьэ-иныжьхэр Хеопс пирамидэхэмрэ Шумер пщыхэм я кхъэхэмрэ я ныбжьщ.

А зэман жыжьэм Кавказ Гупэм и тафэ щIыналъэхэм щыпсэуахэр къэралыгъуэр зэфIэувэным нэмысу щIыпIэм иIэпхъукIащ, щIыуэпсым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къызэрыщыхъуам къыхэкIыу. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щIыпIэ нэхъыфI къалъыхъуэу абыхэм Кавказ АдрыщIымкIэ яунэтIащ, адэкIэ Анатолиемрэ Иранымрэ кIуащ. Аруан Iуащхьэхэм я щэхухэр къызэIухынымкIэ къэхутэныгъэхэр нэгъэсауэ ирагъэкIуэкIмэ, абы тхыдэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэнущ - Урысей щIыналъэм къэралыгъуэр щызэфIэува зэманыр илъэс минкIэ игъэIэпхъуэнущ! Адыгэ Республикэм щыIэ, метр 11 зи лъагагъ Мейкъуапэ Iуащхьэ цIэрыIуэр къыщатIым хьэпшып гъэщIэгъуэн куэд къыщагъуэтауэ щытащ. Ахэр псори Эрмитажым щахъумэ. АтIэ абы нэхърэ хуэдищкIэ нэхъ ин Аруан Iуащхьэм сыт хуэдиз хьэпшып къыщIэкIынур?



● Шхыныгъуэхэр

## Нартыху зэтеуда хьэнтхъупс



Нартыху зэтеудар тIэу-щэ щIагъэпщ, псы щIыIэкIэ плIэ-тхуэ ялъэс, итIанэ шыуаным ит псы къэкъуалъэм хакIутэ зэIащIэурэ, тхъурымбэр къытрах, мафIэр щабэ ящIри, шыуанымщхьэр тепIауэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ ягъавэ, Iув хъуху. Абы зэIащIэурэ шэ гъэпщта щIакIэ. Шыгъу хадзэри, щIэх-щIэхыурэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Пщтыру фалъэ куум иракIэри, шатэпс тракIэж. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

нартыху зэтеудауэ - г 50,
псыуэ - г 300,
шэ щIэмыхуу - г 400,
шатэпсу - г 50,
шыгъуу - узыхуеймхуэдиз.

## Хьэлыуэ-къылыш

Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр тепщэчышхуэм ираухуанщIэри кумб хуащI, абы джэдыкIэ уда, шыгъу, фошыгъу иралъхьэ, пщагъэ хакIэри, шэ хуабэкIэ япщ мыбыдэ дыдэу, тэджын щхьэкIэ и щхьэм хъыдан тепIауэ зы сыхьэткIэ щагъэт. Iэнэм сэхуран дагъэ щахуэ, тхьэв Iыхьэ къыпаупщIри, зэпэплIимэшхуэу е хъурейуэ, и Iувагъыр мм 4 - 5 хъуурэ яху, абы тхьэв хъурей пIащIэ цIыкIухэр, я къэухьыр см 5 хуэдизурэ къагъэжыхь. Ахэр тIэкIу хаш, тэрхьэлыуэ тыкъыр (г 15) тралъхьэ, тхьэв кIапэхэр кхъуафэжьей цIыкIу теплъэ яIэу зэтрагъэапщIэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра хьэлыуэ-къылышыр тIэкIу ягъэтэджыну хуабапIэм дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. ИтIанэ, градуси 150 - 160-рэ зи пщтырагъ дагъэм халъхьэри, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ, лэкъумым хуэдэу дыщафэ къытеуэху. Абы и гъэжьэным ихьыр зы дакъикъэ нэблагъэщ. Хьэлыуэр фошыгъу шей и гъусэу хуабэуи щIыIэуи яшх.

***Халъхьэхэр:***

гуэдз хьэжыгъэу - г 200,
джэдыкIэ цIынэу - 2,
пщагъэу - г 5,
фошыгъуу - г 10,
пщагъэм хакIэ шэуэ - г 20,
кIапэхэр зэрызэкIэрагъапщIэ джэдыкIэ цIынэу - 1,
тэрхьэлыуэу - г 120-рэ,
шыгъуу, зэрагъэжьэну тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуеймхуэдиз.



КЪУБАТИЙ Борис.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

# Ныбжьэгъугъэм и нэр щыщыуэ къэхъуркъым

**Зыдэкlуэ лъэныкъуэр зымыщlэж цlыхум жьы къепщэр гъуэгуакlуэ хуэхъунукъым.**

*Сенекэ.*

**ЦIыхур тIэу псэукъым, ауэ а зэми мыпсэуфыр куэдщ.**

*РЮККЕРТ Фридрих.*

**ГъащIэр, щIалэгъуэм и нэкIэ, кIэ зимыIэ къэкIуэну гуэрщ, хэкIуэтам и нэкIэ, блэкIа кIэщI гуэрщ.**

*ШОПЕНГАУЭР Артур.*

**КъэбгъэщIар къызэрыппщытэнур илъэсхэркъым, атIэ IуэхуфIхэрщ.**

*ШЕРИДАН Ричард.*

**Ныбжьэгъугъэм и нэр щыщыуэ куэдрэ къэхъуркъым.**

*Вольтер.*

**Губзыгъэр куэд зыщIэракъым, атIэ ищIэр къэзыгъэсэбэпыфырщ.**

*Эсхил.*

**Ныбжьэгъугъэ хэмытмэ, цIыхухэм я зэхуаку дэлъ сыт хуэдэ зэхущытыкIэми мыхьэнэ иIэкъым.**

*Сократ.*

**Губзыгъагъэр нэхъ лъапIэщ сэркIэ дыщэм нэхърэ.**

*Демокрит.*



● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Бгъэ** - орел.
**БзуупцIэ** - дрозд.
**Бзухьэгуагуэ** - хохлатый жаворонок.
**Губгъуэ бабыщ** - дикая утка.
**Жэнэтбзу** - щёголь.
**Жунэ** - крапивник.
**Къашыргъэ** - ястреб.
**Къру** - журавль.
**Къуалэбзу** - дикие птицы.
**Мэзадакъэ** - самец фазана.
**Мэзджэд** - фазан.
**Мэлыхъуэ бзу** - жаворонок полевой.
**Нэбажэ** - сокол.
**Ныбгъуэ** - перепел.
**Псыхэуэ** - цапля.
**ПсысхуолIэ** - чечевица.
**ТIысдадэ** - синица.
**Уэгунэбзу** - жаворонок.
**Хьэрхьуп** - удод.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу***: **1**. Шым и кIуэкIэ. **3**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ Iэзэ ... ФатIимэ. **5**. Емынэрэ ... зэрыхьэм зыгуэр кърепэ. **6**. Къэбэрдейм и тхыдэм теухуауэ 1913 гъэм тхылъ къыдэзыгъэкIа хьэрычэтыщIэ ... Елбэздыкъуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым. **8**. ...-махуэми си маршынэр зэзгъэпцIыжащ. **9**. Уи лъапэм къыщIэзэрыхьу, Налшык и уэрамхэм щыкуэд къуалэбзу. **12**. Iэщым хузэхащIэ Iус. **13**. Аузыр щызэхуэкIуэж, щиух щIыпIэ. **14**. Къурш лъэныкъуэмкIэ кърихух жьы щIыIэтыIэ. **15**. ... илъагъу ... ещIэж. **16**. Пхъэщхьэмыщхьэ.

***Къехыу:*** **1**. Лъэпщ и кIыщым щIэлъ Iэпсэпсымэ. **2**. «Е-ей, нэхъыжьхэм къытхуэфщIам унафэ» уэрэд цIэрыIуэми нэгъуэщI куэдми макъамэ щIэзылъхьа уэрэдус. **4**. Шыуанышхуэ. **7**. Республикэм, областым е къэралым я къалащхьэм зэреджэ цIэ. **8**. Къэбэрдей усакIуэ Iэзэ. **10**. ... зэхэдзэ нэхърэ - акъыл зэхэдзэ. **11**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***ЩIышылэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуахэпхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ПщIэм. **3**. ХьэщIэ. **7**. Ишх. **10**. Лыд. **11**. Щхьэ. **12**. Хъумэ. **13**. Зыр. **18**. КъэкI. **19**. Хуохъу. **20**. Псы. **21**. Хьэху. **22**. Ущие. **23**. Хьэри.

***Къехыу:*** **2**. ЩIэхщи. **4**. ЩIалэр. **5**. Зипщ. **6**. Удым. **8**. МэзымкIэ. **9**. Пхъурылъхур. **14**. Лэпс. **15**. Акъылщ. **16**. Щхъухьыр. **17**. Нэхур.

● Псалъэ пэжхэр

## Дунейр чэзущ

**♦Акъылыр жыжьэу маплъэ, нэр абы и лъагъуэм ирокIуэ.**
**♦Вы хъунур шкIэ щIыкIэ ящIэ.**
**♦Гум пыкIыр, гум хохъуэж.**
**♦Гур зыхуеIэм, Iэр лъоIэс.**
**♦ГуфIэгъуэри гуIэгъуэри къызэдокIуэ.**
**♦Делагъэм уритепщэ нэхърэ, акъылым урипщылIмэ нэхъыфIщ.**
**♦Дунейр чэзущ.**

# Фэеплъхэм я тхыдэ

**Налшык къалэр зыгъэдахэ щIыпIэхэр, фэеплъхэр и куэдщ. Уеблэмэ абыхэм я нэхъыбэр лъэпкъым и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ щыхьэт техъуэжу апхуэдэщ. Зи гугъу тщIыхэм ящыщщ кавказ псом къыщацIыху «Сосрыкъуэ» шхапIэр, 115-нэ шу дивизэм хэтахэм я фэеплъу ди щыхьэрым и ищхъэрэ лъэныкъуэкIэ щытыр, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм тет «Вагъуэбэ мывэ» фэеплъыр, нэгъуэщI куэди.**

ИУЖЬРЕЙУЭ зи цIэ къитIуамкIэ къыщIэддзэмэ, ар и IэдакъэщIэкIщ сурэтыщI, скульптор цIэрыIуэ Пащт-Хъан Алим.

Къалэдэсхэр зыщыгуфIыкI, хьэщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъу скульптурэм и теплъэкIи и инагъкIи укъегъэуIэбжь, шэч хэмылъуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ щэнхабзэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ар хъуащ. Мы фэеплъым, зэрыжытIауэ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр егъэдахэ. Апхуэдэ тыгъэр ди лъахэгъу Пащт-Хъан Алим республикэм щыпсэухэм щахуищIым, зэгупсысар цIыхумрэ щIыуэпсымрэ зэрызэпищIэнрат.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Пащт-Хъан Алим Урысейми хамэ къэралхэми я саугъэтхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ, и IэдакъэщIэкIхэр Штутгарт и къэрал Галереем, Финляндием и музейхэм, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием, Инчхон (Корее Ипщэ) къалэм КерамикэмкIэ и дунейпсо фондым, нэгъуэщI куэдми щахъумэ. Апхуэдэуи, фигу къэдгъэкIыжынщи, дуней псом щынэхъ ин дыдэ кхъуэщыныр зи IэдакъэщIэкIыр Алимщ.

Абы и зэфIэкIыр мы зэманым и Хэкуми Европэми щынэрылъагъущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэм хигъэхъуащ зи гугъу тщIы мывэ зэщIэлыдэми.

Пащт-Хъан Алим зэрыжиIэмкIэ, мывэм елэжьыныр КъБР-м и Iэтащхьэм къыщыдиIыгъам, жэуаплыныгъэ хэлъу, гудзакъэ хуиIэу Iуэхум иужь ихьауэ щытащ. «Мывэр къызыхэсщIыкIынум куэдрэ сегупсысащ. Иужьым нэхъыфIу къэслъытащ илъэсищэкIэ, минкIэ быдэу щытыфыну, дэ езым дибгхэр зэрыкъулей мывэкъырым (гранитым) сыкъытеувыIэмэ. Ар Безенги къитшащ. Мывэр игъэдахэу, домбеякъым къыхэщIыкIауэ абы хэсщIыхьа вагъуэхэм къагъэлъагъуэу къысщохъу ди лъахэм и къулеягъэмрэ лъэпкъ щэнхабзэ куу къызэрыддекIуэкIымрэ. Мывэм цIыхухэр гъунэгъуу бгъэдыхьэфын, еIусэфын хуэдэу абы хуэкIуэ лъагъуэ цIыкIухэр хуэтщIащ», - къыхегъэщ абы.

Къыхэгъэщыпхъэщ, метри 4 зи лъагагъ, тонни 7 хъу мывэм скульпторым хигъэтIысхьа «вагъуэхэр» Германием и «Лаухаммер» заводым зэрыщагъэжар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым Кизиловкэ ЦIыкIукIэ зэджэ и бгым совет лъэхъэнэхэм тращIыхьауэ щытащ «Сосрыкъуэ» шхапIэр. А зэманым, къапщтэмэ, иджыпстуи, абы и ухуэкIэмрэ гупсысэ щIалъхьамрэ хуэдэ зыщIыпIи щыIэкъым. Сытыт адрейхэм къазэрыхэщыр шхапIэр, жыпIэмэ, ар Урысейм щIыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм тет и шхапIэхэм ящыщщ, и архитектурэкIи гъэщIэгъуэнщ - нарт лIыхъужьым и щхьэр мывэкIэ дращIеину ягу къызэрыкIар къэплъытэмэ. Сосрыкъуэ «и щхьэм уохьэри» лъэпкъ шхыныгъуэхэм зыщыбогъэгъуазэ. Мызэ-мытIэу мы шхапIэм саугъэт, дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

Жылагъуэ







Лъэпкъ гупсысэ хэлъу апхуэдэ ухуэныгъэ щIын зэрыхуейр къыхэзылъхьауэ щытар КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта Мэлбахъуэ Тимборэщ. ШхапIэм и теплъэу щытынур 1967 гъэм къыхалъхьат скульпторхэу Къалмыкъ Фёдор, Уэзы Заурбэч сымэ, архитекторхэу Хлудневский Михаил, Палагашвили Рубен.

Архитектор Каркаев Мухьэрбий, скульптор БжэIумых Хьид, сурэтыщI Абей Виктор сымэ иджырей зэманым нэхъ тегъэщIауэ, чэщанэ хуэдэу, нэгъуэщI еплъыкIэ къагъэлъэгъуат. АрщхьэкIэ республикэм и парт лэжьакIуэхэм япэр нэхъ къащтащ. Апхуэдэу Налшык и щIыуэпс дахэм хэту 1960 гъэхэм и кIэхэм а шхапIэр къэунэхуауэ щIыналъэм и тхыдэм догъуэгурыкIуэ.

ЦIыхубэм «ТхьэкIумащIэм и шыр» зыфIища скульптурэр, зэрыжытIауэ, 115-нэ шуувей дивизэм хэтахэм я фэеплъщ. Къамэ иIыгъыу танкхэмрэ шэ топхэмрэ пэщIэува зы шуувей псэемыблэжым и теплъэмкIэ скульптор ТхьэкIумащIэ Михаил хузэфIэкIащ лIыгъэрэ хахуагъэу ди щIалэхэм а зэман гугъум яхэлъар къигъэлъэгъуэну. Пэжуи, фIалъэ лъакъуитIыр зыIэта шым и къарууфIагъымрэ лъэпкъ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа зауэлI лъэщымрэ уи гур ягъэпIейтей.

ТхьэкIумащIэр СурэтыщI гъуазджэм Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ зыщиужьыным и гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, республикэм и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. Джылахъстэнейм щыщ IэпщIэлъапщIэр жылагъуэ Iуэхухэми емызэшыжу пэрытащ: КъБАССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ, РСФСР-м и Художникхэм я союзым, СурэтыщIхэм я урысей творческэ организацэм и комитетым хэтащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъ пажэу щыта куэдым я скульптурэ зэрищIар. Апхуэдэт Фэнзий Мэжид, ПащIэ Бэчмырзэ, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Алий, Къардэнгъущ Зырамыку, Кулиев Къайсын, Мечиев Кязим, КIуащ БетIал, Темыркъан Юрэ сымэ я фэеплъхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Темболэт и зэфIэкIхэр



**Урысейм и Олимп комитетым и «Олимп джэгухэм хэтыфыну узыщыгугъ хъуну сабийхэр» проектым ипкъ иткIэ зи ныбжьыр илъэс 16 ирымыкъуахэм я деж Бакъей Темболэт спортсмен нэхъыфIу къыщалъытащ, къитащ Бахъсэн къалэм и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм.**

БАХЪСЭН Олимп джэгухэм хэтыфыну, зэфIэкI зыбгъэдэлъ сабийхэр щагъэхьэзыр и спорт еджапIэм и гъэсэн щIалэм нэгъабэ хузэфIэкIащ Урысей Федерацэми Европэми бэнэкIэ хуитымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэхэр къыщихьын. Ди къэралым зэпеуэр щызэхэтащ Осетие Ищхъэрэм и щыхьэр Владикавказ, европей зэIущIэр - Алыджым и Лутраки къалэм.

Бакъей Темболэт и тренерхэр ПщыукI Артуррэ Бэрэгъун Рустамрэщ.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**

# Орёл макIуэ

**Владикавказ къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм IэпщэкIэ зэпекъунымкIэ (армрестлинг) и чемпионатрэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ. Абы щыIащ спортсмен ныбжьыщIэу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 300-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 14 - 22-хэм къриубыдэу икIи ахэр гуп 30-у гуэшауэ щытащ.**

КЪЫЗЭРЫХАХ зэхьэзэхуэу Остетие Ищхъэрэ – Аланием и къалащхьэм щекIуэкIа зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен 14 икIи абыхэм ящыщу 11-м Iэмал ягъуэтащ Урысей Федерацэм армрестлингымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм гъатхэпэм Орёл къалэм щекIуэкIыну зэIущIэм хэтыну.

Ахэр Балъкъэр Дамир, Бэрэздж Кимран, Шыбзыхъуэ Чингиз, Къарэмырзэ Заурбэч, Балэ Темырлан, ПщыхьэщIэ Къантемыр, Маршэн Темырлан, Алыхьберды Валерэ, Бейтыгъуэн Iэмин, Хасаев Сэлим, Балъкъэр Ибрэхьим сымэщ.



**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту яткахащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.359 Заказыр №89

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А